Yi Yàlla moñaale ak nit ki juróom la: xaraf, wat kawaru naq, ak wàññi kawari mustaas, ak lewwi ay weh, ak suqi kawari poqtaan

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax naan: "«Yi Yàlla moñaale ak nit ki juróom la: xaraf, wat kawaru naq, ak wàññi kawari mustaas, ak lewwi ay weh, ak suqi kawari poqtaan».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa leeral juróomi mbir yu bokk ci meloy diiney Lislaam ak sunnas Yónente yi: Bi ci njëkk: xaraf, te mooy dagg der wi yokk ci sàkkaras ku góor ki ci kaw, ak dagg boppu der wi ci awray jigéen ci kaw barabu sëy bi. Ñaareel bi mooy: wat kawari naq, te mooy wat kawar gi nekk ci naq bi te wër awra wi. Ñatteel bi mooy: lewwi ay mustaas, te mooy jemp li sax ci tuñu ku góor ki ci kaw, ba deru tuñ wa di feeñ. Ñenteel bi mooy: lewwi ay we. Juróomeel bi mooy suqi kawari poqtaan.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3144

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee